


# UZAQ MÚDDETLI AKTIVLERDIǸ KLASSIFIKACIYALANIWI HÁM ESABIN JÚRGIZIW TÁRTIPLERI

**Turdieva G.O.**
Toshkent amaliy fanlar universiteti docent
**Qalimbetova Sh.**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.7793901

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25- mart 2023 yil
Ma'qullandi: 28-mart 2023 yil
Nashr qilindi: 31-mart 2023 yil

**KEY WORDS**

*materiallıq emes aktivler, sawda markaları,tiykarǵı qurallar, principle, debitorlıq qarız*

**ABSTRACT**

*Usı maqalada uzaq múddetli aktivlerdiǹ klassifikaciyalanıqwına hám olardıǹ esabı úlken itibar qaratılǵan. Uzaq múddetli aktivler boyınsha alımlar pikiri analiz etilgen hám olardı xalıq aralıq standartlar boyınsha esapqa alıw principleri menen ulıwmalıq juwmaqlar keltirilgen.*

Ózbekstan Respublikası Háreketler strategiyasın ámelge asırıwda mámleket ekonomikalıq sistemasında júz bergen ózgerisler, mulkke bolǵan iyeliktiǹ payda bolıwı, xojalıq jurgiziwshi subektler ortasındaǵı ekonomikalıq munasábetleriniǹ keńeyiwi, buxgalteriya esabı obektleriniń de kóbeyiwine, mısalı, uzaq múddetli aktivler túrlerin kóbeyiwine alıp keldi. Bul, óz gezeginde, uzaq múddetli aktivlerdi esapqa alıw hám auditini ótkeriw menen baylanıslı máselelerin keltirip shıǵardı. Izertlew processinde, xojalıq jurgiziwshi sub'ektlerdiń buxgalteriya esabı balansın salmaqlı úlesti tiykarǵı qurallar iyelegen bolsa, keyinirek materiallıq emes aktivler, finanslıq investitsiyalar, uzaq múddetli debitorlıq qarızları hám keshiktirilgan qárejetler sıyaqlı elementları da payda boldı.

*Ilimiy mashqalanıǹ qoyılıwı* Úyrenilgen ádebiyat derekleri hám normativ hújjetlerde kórinip turǵanınday, uzaq múddetli aktivlerdi xarakteristikalaw hám klassifikaciyalanıw belgilerin ayqın anıqlap bolmaydı. Mámleketimiz ekonomist ilimpazları ilimiy jumıslarinda uzaq múddetli aktivlerge anıq xarakteristika berilmegen[1]. Bálkim bólek tiykarǵı qurallarǵa, materiallıq emes aktivlerge, finanslıq qoyılmalarǵa tariypler berilgen [2].

SHet ellik ekonomist ilimpazlar tárepinen uzaq múddetli aktivler strukturalıq bólimleriniń klassifikaciyalanıw tártibi 1- kestede keltirilgen. Kesteden kórinip turǵanındayı, kópshilik avtorlar uzaq múddetli aktivlerdi ush iri gruppaǵa ajratqan: 1) materiallıq aktivler, 2materiallıq emes aktivler, 3) uzaq múddetli investitsiyalar. Ekinshi gruppanı avtorlar túrlishe ataydı, bunda,R. N. Entoni hám B. Nidlz - jay hám ásbap -úskeneler, T. P. Edmonts - mashina, jay hám ásbap -úskeneler dep ataydilar.

**1-keste**

**Shet el mámleketlikler ilimpazları tárepinen uzaq múddetli aktivlerdiń klassifikaciyalanıwı**

| Uzaq múddetli aktivler | R.N.Ento ni I.S.Rins[3 | B.Nidlz, X.Anders on[4] | Kaplan[5] | T.P.Edmo nts F.M.Nair [6] | Biziǹ pikirimiz she |
|---|---|---|---|---|---|
| I.Materiallıq aktivler | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| Jer | + | + | + | + | + |
| Bina ham imaratlar | | | | | + |
| Bina ásbap úskeneler | + | + | | | |
| Mashina ásbap úskeneler hám ofis buyımları | | | | | + |
| Ornatılatuǵın ásbap úskeneler | | | | | + |
| Jerdi abadanlastırıw | | | | | |
| Qazılma baylıqlar | | | | | |
| Tabiyiy resurslar | + | + | + | + | |
| Ijaraǵa alınǵan múlk | | | | | + |
| II.Materiallıq emes aktivler | | | | | |
| Gudvill | + | + | + | + | + |
| Patent | + | + | + | + | + |
| Avtorlıq huqıqı | + | + | + | + | + |
| Licenziyalar | | + | + | | + |
| Sawda markaları | | + | + | + | + |
| Franshayzing | | + | + | + | + |
| Tovar belgisi | | | | | + |
| Ijaraǵa alınǵan múlk | | + | + | + | + |
| Ilmiy izertlew jumısları | + | + | + | + | + |
| Múddeti uzaytırılǵan qárejetler | + | | | | |
| Jerden paydalanıw huquqı | | | | | + |
| III.Finanslıq aktivler | + | + | + | | + |
| IV. Múddeti uzaytırılǵan debitorlıq qarpzlar | | | + | | + |

Úshinshi gruppaǵa tábiyiy resursların kirgizedır. Materiallıq emes aktivler quramın belgilewde, kópshilik ilimpazlar tárepinen birdey jantasıwdı baqlawımız múmkin. Biraq basqa ayırım elementlerdı kópshilik ilimpazlar tán almaǵan. Mısalı, "múddeti uzaytırılǵan qárejetler" (Deferred Charges) ni tek R. N. Entoni hám basqalar materiallıq emes aktivler qatarına kirgizgen[3]. Kaplan bolsa bul elementtı bólek tórtinshi gruppa retinde tán alǵan[4]. Uzaq múddetli debitorlıq qarızları kózge kórinbeytuǵın aktivler qatlamına tiyisli sonda da, keleshekte dáramat keltiriwdi emes, bálkim kárxanaǵa tiyisli bolǵan aktivlerde huqıqı bar ekenligin xarakterleydi. Materiallıq emes aktivler keleshekte ekonomikalıq payda keltiriw boyınsha ózgeshelikke iye bolıp, sol sebepli uzaq múddetli debitor qarızlardı hám múddeti keshiktirilgen qárejetlerdi bólek «Múddeti uzaytırılǵan debitor qarızlar hám keshiktirilgen qárejetler" atı menen tórtinshi bólimge

kirgiziwimiz kerek. Óz mánisine kóre, múddeti uzaytırılǵan qarızlar materiallıq yamasa materiallıq emes aktiv te emes, tikkeley dáramat alıwdı maqset etip uzaq múddetke mólsherlengen investitsiya da emes, bálkim keleshekte tikkeley bolmaǵan dáramat alıwdı názerde tutıp hazir ámelge asırılǵan qárejet bolıp tabıladı. Biziń mámleketimizde "Jer" hám "Tábiyiy resurslar" jeke menshik ob'ekti esaplanbaydı. Búgingi kunge kelip jer uchastkaların menshiklilestiriw ob'ekti dep qabıllaw máselesi kóterilip atır. Pikirimizshe, kárxanalar jerge múlkshilik iyelik etiw huqıqı bolǵanda olardı tiykarǵı qurallar quramına kirgiziw, turaqlı jáne múddetli paydalanıw ushın jerdi ijaraǵa alıw huqıqına iye bolǵan halda paydalanıw huqıqı ma`nisin materiallıq emes aktiv retinde tán alıw hám sáwlelendiriwdi maqsetke muwapıq, dep oylaymiz. Izertlewlerdiń kórsetiwishe, mámleketimiz ekonomist ilimpazları tárepinen uzaq múddetli aktivlerdiń klassifikaciyalanıwı jetkiliklishe úyrenilmegen.

*Izertlew metodologiyası.* Izertlew protsessinde salıstırıw, analiz hám jámlew usıllarınan paydalanılǵan, sonday aq súwret hám kesteler tiykarında túsindirmeler berilip, nátiyjeler boyınsha juwmaq hám usınıslar keltirilgen.

*Analiz hám nátiyjeler*

Uzaq múddetli aktivlerdiń tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı ıqsham hám jetkilikli dárejede alıw múmkinshiligin tuwdırıw hám de analiz qılıwdı ańsatlastırıw ushın buxgalteriya esabı balansınıń "Uzaq múddetli aktivlar" atlı 1 bólimin tómendegishe kóriniste ańlatıw maqsetke muwapıq boladı (2-keste).

**2-keste**

**«Kardar Ishlab Chiqarish Moxsulotlari» JShJniǹ uzaq múddetli aktivleriniǹ klassifikaciyalanıwı[1]**

**(2023 jıl 1 yanvar jaǵdayına, mıǹ swmda)**

| Balans bólimleriniǹ atı | Jıl basına (mın swmda) | Jıl aqırına (mın swmda) |
|---|---|---|
| Uzaq múddetli aktivler | | |
| Materiallıq aktivler (0100+0300+0700+0800-0200) | 7380793 | 10922339,75 |
| Materiallıq emes aktivler (0400+0830 -0500) | 0 | 0 |
| Finanslıq aktivler(0600) | 2614305 | 2158405 |
| Múddeti uzaytırılǵan debitorlıq qarızlar ham keshiktirilgan qárejetler(0900) | 0 | 0 |
| I bólim boyınsha jámi | 9995098 | 13080745 |

Uzaq múddetli aktivler kárxana iskerliginde qatnasatuǵın zárúrli ekonomikalıq kategoriyalardan biri esaplanadı. Jańa ekonomikalıq munasábetler sharayatında usı ekonomikalıq kategoriya jetkiliklishe tereń úyrenilmegen. Sonıǹ ushın, onıń toparların anıqlawshı tiykarǵı xarakteristikaların hár tárepleme kórip shıǵıw zárúr.

Kópshilik ekonomistler uzaq múddetli aktivlerdi isletiw múddeti 1 jıldan artıq bolǵan aktivler retinde klassifikaciyalaydi: uzaq múddetli kapital qoyılmalar, materiallıq emes aktivler, tiykarǵı qurallar, basqa uzaq múddetli aktivler. Bunday tárzde klassifikaciyalaw buxgalteriya esabı qaǵıydalarına tiykarlanıp ámelge asırıladı. Professor G. V. Savitskayanıǹ pikiri boyınsha

---

[1] «Kardar Ishlab Chiqarish Moxsulotlari» JShJniǹ balansı tiykarpnda avtor tarepinen islep shıǵılǵan

uzaq múddetli aktivler (tiykarǵı kapital ) - bul uzaq múddetli maqsetlerge baǵdarlanǵjılar, yaǵnıy kóshpes múlk, obligaciyalar, aktsiyalar, paydalı qazilma rezervleri, qospa kárxanalar, materiallıq emes aktivler hám taǵı basqalar [8]. Ekonomist v. I. Makareva pikiri boyınsha uzaq múddetli aktivler buxgalteriya esabınıń bir bólimi retinde, yaǵnıy buxgalteriya esabı nızam - qaǵıydalarına qaray tiykarǵı qurallar, materiallıq emes aktivler, finanslıq qoyılmalar, ornatılatuǵın úskeneler hám úskenelerdiń kárxana aktivleri retinde bar ekenligi hám háreketi haqqındaǵı kerekli informaciyanı ulıwmalastırıwǵa mólsherlengen [9]. Bul tariyp uzaq múddetli aktivlerge kóbirek xarakteristika beredi, lekin bunı da jáne de anıqlastırıw kerek. I. A. Zavalishina "Zamanaǵóy buxgalteriya esabı" kitabında uzaq múddetli aktivlerdi tómendegishe xarakteristikalaǵan. "Uzaq múddetli aktivler tómendegi qurallardı óz ishine aladı [10]:

1) paydalı xizmet kórsetiw múddeti bir jıldan kóp bolǵan,
2) kárxana iskerliginde kóp márte paydalanılatuǵın,
3) qayta satılmaytuǵın

Uzaq múddetli aktivlerdi ekonomikalıq payda keltiriwi gúman astına alınsa onda olardı satıp jiberiw múmkin boladı. Solay eken onda bazı uzaq múddetli aktivlerdi qaytaldan satılmaytuǵın dep qaraw nadurıs boladı. Ekonomist V. V. Kovalev óz jumısında sonı belgilengen, uzaq múddetli aktivler degende ulıwma halda kárxana iskerliginde bir jıldan artıq paydalaniletuǵın aqshalar túsiniledi. Usı tariyp, biziń pikirimizshe, uzaq múddetli aktivlerdiń tek ǵana paydalanıw múddeti boyınsha sáwlelendiredi. Uzaq múddetli aktivlerdi tán alıw, bahalaw hám esapqa alıw sistemasın qáliplestiriw arnawlı bir bir principlerge baǵdarlanıwı kerek. Uzaq múddetli aktivlerdi esapqa alıwda tikkeley qollanılatuǵın principler 2-suwrette keltirilgen.

Birinshi princip - bul múlkshilik bóleklik principi. Bul principke muwapıq kárxananıń múlki hám minnetlemeleri usı kárxana iyeleriniń múlki hám minnetlemelerine aralaspastan bólek - bólek esapqa alınadı. Múlkshilik bóleklik principi ekonomikalıq sub'ekttiń onıń iyesine salıstırǵanda yuridikalıq ǵárezsizligin támiyinleydi. Múlkshilik bóleklik principiniń mánisi, áhmiyeti onı statikalıq hám dinamikalıq balans dúziwde qollanıwı bolıp tabıladı. E. SHmalenbax hám J. Risharlardıǹ statikalıq hám dinamikalıq balans esabatı teoriyasına arnalǵan shıǵarmasında hár tárepleme kórsetilgen. Sebebi, bul shıǵarmada múlkshilik bóleklilik túsiniginiń mazmunı usı túsiniktiń qaysı esap (statikalıq yamasa dinamikalıq ) jóneliske baylanıslılıǵı menen parıqlanǵan. Bul ilimpazlardıń pikirine qaraǵanda, «dinamikalıq buxgalteriya esabi - bul kárxananı tamamlaw múmkinligine qaramastan, onıń nátiyjeli xojalıq iskerliginiń úzliksiz yamasa qısqa aralıq waqıtlar ishindegi jaǵdayın kórsetip barıw maqsetindegi esapqa alıw sisteması esaplanıp, dinamikalıq buxgalteriya esabı kárxananıń úzliksiz iskerlik júrgiziw principine tiykarlanadı.




2-súwret. Uzaq múddetli aktivlerdi esapqa alıw principleri[2]

Statikalıq buxgalteriya esabi -bul kárxananıń barlıq aktivlerin satıw waqtında, odan túsken aqshalar onıń kreditorlik qarızlardı qaplawǵa jetkiliklime yamasa joq ekenligin anıqlaw imkaniyatın beretuǵın esap sisteması bolıp tabıladı. Statikalıq buxgalteriya esabı kárxana iskerliginiń úzliksizlik principineqayshı keledi» [11].

Finanslıq esabat kontseptsiyasına muwapıq, múlkshilik bóleklik principinde buxgalteriya esabın dinamikalıq júrgiziw tiykar etip alınadı hám dinamikalıq buxgalteriya balansı dúziledi. Múlkshilik bólekliklik principi kárxana aktivlerin basqa kárxanalar aktivlerinen bólek ajıratılǵan halda esapqa alıwdı talap etedi. Usı principke muwapıq, kárxananıń buxgalteriya balansında kárxanaǵa tiyisli bolǵan múlki óz kórinisin tabadı. Finanslıq esabattıń xalıq aralıq standartı (FEXS) talaplarına kóre uzaq múddetli aktivler buxgalteriya balansında sáwlelendiriledi, olar tuwrısındaǵı maǵlıwmatlar kórsetip beriledi. Buxgalteriya esabınıń milliy standartları (BEMS) talaplarına kóre uzaq múddetli aktivler tuwrısdagi informaciya buxgalteriya balansında, sonıń menen birge «Tiykarǵı qurallar háreketi tuwrısındaǵı esabat»ta (tek ǵana tiykarǵı qurallarǵa tiyisli bolǵan bólegi) kórsetip beriledi. Biziń

---

[2] BEMS hám FEXS muwapıq avtor tárepinen islep shıǵıldı

pikirimizshe, uzaq múddetli aktivlerdiń tek ǵana bir ob'ektine tiyisli informaciyanı finanslıq esabat quramında bólek formada beriw jetkilikli emes. Sebebi, bul esabat forması FEXSda da názerde anıq keltirilgen. Kárxanalarda tiykarǵı qurallardan tısqarı uzaq múddetli aktivlerdiń basqa túrleri de bar bolıp, sol sebepli biykar etilgen "Tiykarǵı qurallar háreketi tuwrısındaǵı" esabat"tıǹ ornına, uzaq múddetli aktivler háreketi haqqındaǵı maǵlıwmattı finanslıq esabatqa qosımsha jol menende keltiriwdi maqsetke muwapıq, dep esaplaymiz. Egerde kompaniya payda alıwdı qadaǵalay bilse, onda kireyge alınǵan múlk onıń aktivi bolıp esaplanadı. 16 -san FEXS "Ijara"ǵa tiykarlanıp operaciyalar óziniń yuridikalıq formasına iye emes, bálkim mánisine tiykarlanıp esapqa alınadı hám esabatda kórsetiledi. Finanslıq ijara shártnamasınıń yuridikalıq forması kireyge alınıp atırǵan aktivge iyelik huqıqınıń ótiwin názerde tutpaslıǵı múmkin. Soǵan qaramay ijaraǵa alıwshınıǹ buxgalteriya balansında finanslıq ijaranı kárxananıń aktivi retinde sáwlelendiriw talapları názerde tutıladı. 16 -san MHXS "Ijara"da tómendegishe keltirilgen: «eger bunday ijara operatsiyaları ijaraǵa alıwshınıǹ balansında kórsetilmegen bolsa, bunda ekonomikalıq resurslar hám minnetlemeler dárejesi jasalma pasaytirilgen dep qaralıp, finanslıq munasábetler buzılǵanlıǵın ańlatadı» [12].

Buxgalteriya esabı qaǵıydalarına kóre iyelik huqıqına qaray ob'ektler payda keltiriwi yamasa keltirmesligine qaramastan uzaq múddetli aktiv dep tán alınadı. Xalıq aralıq standartlar qaǵıydasına muwapıq, payda keltirmeytuǵın uzaq múddetli aktivlerge sarplanatuǵın qárejetler zıyanǵa alıp barıladı. Uzaq múddetli aktivlerge salıstırǵanda konservatizm principine ámel qılıw múmkin emes, sebebi hár bir zıyan keltiretuǵın ob'ekt esaptan shıǵarılıwı kerek, hár qanday aktiv bahasınıǹ ózgeriwin sol ob'ektti satıw waqtına shekem ámelge asırıw múmkin emes. Biraq zamanagóy buxgalteriya esabında ıqtıyatlılıq principi uzaq múddetli aktivler ob'ektin qayta bahalaw hám konservatsiyalawda kóp qollanılıp atır. Uzaq múddetli aktivler bahasınıń asıp ketiwi jáne onıń nátiyjesinde islep shıǵarılıp atırǵan ónim ózine túser bahası hám múlk salıǵınıń asıwınıǹ aldın alıw ushın kárxana aktivlerin qayta bahalaw usılların qóllawǵa háreket etedi, bunıń nátiyjesinde uzaq múddetli aktivler bahası kemeyedi.

*Juwmaqlaw hám usınıslar*

Uzaq múddetli aktivlerdi satıp alıw waqtında kárxananıń bir waqıttaǵı úlken qárejetleri payda boladı. Bul qárejetler pul qarjları tólew, debitorlıq qarızlarınıń payda bolıwı, basqa aktivlerge almastırıw arqalı ámelge asırılıwı múmkin. Kórsetilgen qárejetler kárxananıń uzaq múddetli aktivleri bahasın asırıwı hám de ámeldegi yamasa keleshek dáwir qárejetlerine tiyisli bolıwı múmkin. Sol sebepli, joqarıdaǵı qárejetlerdi ámeldegi, kelesi dáwir hám kapitallasqan qárejetlerge ajıratıw júdá zárúrli. Uzaq múddetli aktivlerdi satıp alǵanda satıp alıw boyınsha qárejetlerdiń úlken bólegi kapitallastırıladı, biraq qárejetlerdiń bir bólegi ámeldegi dáwir qárejetlerine kiritiliwi múmkin. Solay etip, buxgalteriya esabınıń tiykarǵı principlerı uzaq múddetli aktivlerdi esapqa alıwdıń kontseptual tiykarın belgileydi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. И.А. Завалишина. Янгича бухгалтерия ҳисоби. – Тошкент: "Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси" нашриёт уйи, 2004. - 128 б.;
2. О.У.Бобожонов. Молиявий ҳисоб.- Тошкент: Шарқ, 2000. -150 б
3. Anthony R.N., Recce J.S. Accounting principles. Seventh edition. Irwin. 1995. - 157 p
4. Нидлз Б.Х., Андерсон Х. Колдуелл Д. Принципы бухгалтерского учёта. М. Финансы и статистика, 1993. - С. 196-197
5. Kaplan Publishing MBA Fundamentals Accounting and Finance (Kaplan Test Prep) Illustrated EditionISBN-10
6. Fundamental Financial Accounting Concepts. T.P.Edmonds, F.M.McNair, E.E.Milan, Ph.R. Olds. MeGraw-Hill, Ins, 1996. - 375-379 p.

7. «Kardar Ishlab Chiqarish Moxsulotlari» JShJniǹ balansı 2022 jıllar maǵlıwmatları
8. Savitskaya G. V. Analiz xozyaystvennoy deyatel'nosti.- Minsk: Novoe znanie. 1999.- S. 131.
9. Makar'eva V. I. Uchet osnovnix sredstv.- M.: Nalogoviy vestnik. 2000.- S. 57
10. Завалишина И.А. Янгича бухгалтерия ҳисоби.- Тошкент: "Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси", 2005. - 128 б
11. Ришар Ж. Бухгалтерский учет: теория и практика: Пер. с фр. /Под ред. Я.В. Соколова. – М.: Финансы и статистика, 2000. - С. 44.
12. Finanslıq esabattıǹ xalıq aralıq standartları (rus tilinfegi baspasP) –M Askeri –ACCA. 2014 с 384

INNOVATIVE ACADEMY